Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 22 май Рузман № 20 (7951) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Барки

## Къурбаналъул гIид

ХIурматиял районцоял! Гьале тIаде щвана бусурбабазул бищун хирияб байрам-къурбаналъул гIид. Гьеб буго нилъер щивасе ТIадегIанав Аллагьасдехун бугеб рокьи ва гьесие мутIигIлъи загьир гьабизе рес щолеб къо.

Аллагьас рохелалъ гвангъизареги киназулго рукъзалги, гурхIелрахIмуялъ цIеги нилъер ракIалги, къабул гьареги нилъер дугIабиги, гьабурабщинаб лъикIаб гIамалги, гIибадатги, садакъа-хайратги, хьурал къурбаналги.

Гьарула киназего сахлъи, рохел, баракатгун рахIмат, рекъел, рагъ-къал лъугIи, къварилъабаздаса ва зарал-зияназдаса цIуни, талихIаб ва халатаб гIумру.

РакI-ракIалъ баркула нужеда Къурбаналъул гIид!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Юбилей

**Гьал къояз гIумрудул 70 сон тIубана Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, Дагъистаналъул халкъияв артист, Дагъистаналъул Халкъияв бахIарчи, композитор, нилъер ракьцояв, Хуштадаса Каримуллагь ГIабдулаевас.**



**ХIурматияв Каримуллагь ГIабдулаевич!**

РакI-ракIалъ баркула дуда юбилей - гIумрудул 70 сон тIубай! 70 сон гIицIго тарих гуро. Гьеб буго гIумру, жиндир хIасиллъун халкъалъ мун кIодо гьави ккараб.

Композитор, Дагъистаналъул халкъияв артист, Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, Дагъистаналъул Халкъияв бахIарчи, бакъназул устар хIисабалда мун кидаго вукIана къураб рагIул бетIергьанлъунги, божарав гьудуллъунги, дурго гьитIинаб ватIаналъул унго-унгояв патриотлъунги. Наслабазе рохелги, творчествоялде къасдги кьолеб дур гьунар нижее кидаго унго-унголъунги къиматаб буго.

Дур гIумру ккола ритIухълъиялъул, жавабчилъиялъул ва ракIбацIцIалъиялъул нугI. Дур асарал лъугьана Дагъистаналъул маданияб ирсалъул батIа гьабизе кIолареб бутIалъун. Дур творчествоялъул кумекалдалъун, гIадамазул ракIазулъ рагIула бакьнал, гьелъ гьел цолъизарула ва гьезул ракIазе гьарула кIочонарел асарал.

Ниж хIайранлъула дур махщелчилъиялда ва искусствоялде бугеб рокьиялда.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, творчествоялъулал бергьенлъаби! Рохелалъ къвал бан, хьизан-рукъалдаса вохун, гIагарлъиялъ ва гьудул- гьалмагъзабаз сверун ккун, ургьелаз мугъ рехун аги дур ва дур хьизан-лъималазул гIумру.

**ХIурматгун, районалъул бетIер Шамил ГIумаров**

* * *

**«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухьабаз ракI-ракIалъ баркулеб буго Каримуллагь ГIабдулаевасда юбилей, гьарулеб буго гьесие щулияб сахлъи, рохелгун талихI, халатаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ иткъбал.**

ЦIиял нухмалъулел



**Сажидов Арсен АхIмадович - «ЦIумада район» муниципалияб районалъул финансовияб отделалъул начальник.**

Гьавуна 1988 соналъул 23 июналда Гьигьалъ росулъ. 2010 соналъ тIокIлъигун лъугIизабуна Халкъияб магIишаталъул Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул финансовиябгун экономикияб факультет.

2010 соналъ байбихьана хIалтIизе районалъул администрациялъул централизациялъулаб бухгалтериялда бухгалтерлъун, 2022 сонаалдаса нахъе хIалтIана гьенивго бетIерав бухгалтерлъун.

2026 соналъул 18 маялда тIамуна «ЦIумада район» муниципалияб районалъул финансовияб отделалъул начальниклъун.

### Гъазиев Гъази ГIалисултанович- КIванада росдал администрациялъул бетIер



12 маялда КIванада росдал Советалъул депутатаз кинало разилъун росдал администрациялъул бетIерлъун вищана Гъазиев Гъази ГIалисултанович.

Гъази гьавуна 1965 соналъул 17 ноябралда КIванада росулъ. ЛъугIизабуна КIванада росдал гьоркьохъеб школа, хъулухъ гьабуна Советияб армиялда, хIалтIана Агъвали «Прогресс» заводалда.



**МуртазагIалиги мун ватиларо,**
**ГIалил зульфукъарги духъ батиларо,**
**ВачIине кин кIварав, Гьидалъа Хочбар?**

**МуртазагIалиги дир эмен вуго,**
**ГIалил зульфукъарги дир хатикь буго,**
**Щай дун вачIунарев ахIун вугелъул.**

«Хочбар» халкъияб кечI

## ГIумар МуртазагIалиевасе

КIудаб-росулъа ГIумар,
ГIахьвалазул багьадур,
Дагъистаналъул чIухIи,
ЧIахьаяв магIарулав!

ЧIаголъиги кутакав,
Кумекалъе хIадурав,
ХIажатазе ватулев,
Таваккалав ракьцояв!

Культуралъе меценат,
Спорталъул спонсор,
Ресукъал муъминазе,
ХIеж тIубалев кумекчи.

Хабал къачIай, къулгIа бай,
КъваригIани мажгитал …,
КъойилгIадин рагIула,
Дуй къолел баркалаби.

ГIумар, дур хабар ккедал,
Хочбар цеве вачIуна,
Хвалчадул бал бегIерав,
РагIул багьа кIудияв.

Нилъеца тарих цадахъ
Цо заманаль цIалана,
ЦIалулъги мун лъикIавин,
РикIкIунев вас вукIана.

РикIкIалъун буго гьанже
Хочбарил согIаб заман…
Заманаль цIунун тела
Гьедин дурги гьунар -цIар.

Гьанже хвалчадул балаль,
Борцунарелъул тIокIлъи,
ТIадегIанлъун вукIуна
ЦIунанани гIаданлъи.

Гьеб дулъги гIунги тIокIаб,
ТIатун буго цебего,
ТIолабго улкаялда,
Россиялъул ракьалда.

ЦIияб гIел, цIияб гIумру,
ГIасрабазул батIалъи,
Амма дуль цIунун буго,
Хасияталъул чилъи.

Чармидаса къвакIараб,
Къолден буго гьеб, ГIумар,
Гьеле гьельуль бихьула,
Халкъалдаги дур гьунар.

Гьаврабгун гIураб бакI,
ГIагараб мугIрузул ракь
Дуда кIочонгутIиги
Буго кIудияб адаб…

Мун бажари гIуравин,
Гуро, гIицIго, рагIулев,
РакI унтарав, хIал кьолев
ХIалбохадин рикIкIунев.

РакI гIатIидав, хIалимав,
ХIал рекъарав мугIрул вас.
МугIрул цIумалъул буго,
ЩергIадинаб, дур гIамал.

ГIеларо бакI рикIкIине,
Дур кумекалъул ишал.
Квер гIунтIуларел бакIал
Ратуларо гIемерал.

Иманги, гIаданлъиги,
ГIумруялъго цIунарав,
ГIадлуябгун гIадилаб
Буго гIумрудул мисал

БахIарзазул рахьалъан
РагIараб мугIрул улка-
Дур цIаралъ бечелъизе
Дагъабги гьаб Дагъистан!

**ГIали МухIамадов,**
МахIачхъала

Росабалъа харбал

# 9 Маялъул байрам кIодо гьабиялда хурхарал «Наслабазул ракIалдещвей» тадбирал тIоритIана районалъул лъайкьеялъул идарабазда

**КIВАНАДА**



КIванада росдал гьоркьохьеб школалда радалго букIана байрамалъулаб рагъа-рачари. ЦIалдохъабигун мугIалимзаби ва умумул ракIарун рукIана школалъул азбаралде. Россиялъул Гимналда гьоркь улкаялъул байрахъ борхиялдаса байбихьана линейкаялде. Школалъул директор МухIамадамин МухIамадовас баркана киназдаго байрам, бицана КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал кIванадисезул ва тIадчIей гьабуна жакъа нилъеца, доб рагъул гIахьалчагIазул наслабаз, кIвар кьезе ккеялда кIудияб бергьенлъиялъул тарих кIоченчIого букIиналде.

«Дида ракIалда буго, дун чIухIула!» абураб ахIиялда гьоркь школлъималаз кодор ккун рукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул-жидерго умумузулги, районцоязулги суратал.

-Накаби чIван, къулизе ккола нилъ бахIарчиял умумузе ва хIаракат бахъизе ккола гьезул мустахIикъал ирсилаллъун рукIине. Нилъер байрамазда гьорлъ гьелъ ккола мустахIикъаб бакI кIодо гьабиялъул рахъалъ. Жакъа Украиналда унеб рагъулаб хасаб операциялдаги цогидазе мисал бихьизабун руго нилъер гIолохъаби-бахIарчиял умумузул мустахIикъал ирсилал цебесеб кьерда. Гьарула киназего цIад базе гурони, гьугьалареб, бакъуца кунчIараб, ракълилаб зобалда гьоркь гIумру гьаби, щулияб сахлъи ва рохел,-ян абуна М-А.МухIамадовас.

Гьединалго баркиялъулал кIалъаял гьаруна физкультураялъул мугIалим Расул МуртазагIалиевас ва цIалул рахъалъ школалъул директорасул заместитель Шамил МухIамадовас.

Хадуб букIана щибаб классалъул церерахьин. ЦIалдохъабаз рекIехъе цIалана ва ахIана рагъул тематикаялъул кучIдул. Хадуб букIана КIудияб ватIанияб рагъда хвараз бараб памятникалда цере ракIалдещвеялъул суратал рахъиги.

БукIа абе дуниялалда кидаго гвангъараб бакъ ва рекъел.

**Написат Басханова**

* * *

**КIОЧIАЛИ**

**«Ниж - бахIарзазул наслаби»**

ГьитIичазул чIиргъи-хъуялъ цIун бугоан гьал къояз КIочIали лъималазул ахалъул азбар. Цо-цоккун ракIарулел рукIана чIахIиялги-гьезул улбул. Ахалъул хIалтIулаб программаялда букIана кIудияб байрам-9 Маялъул байрамалъулаб церерахьин. Цебеккунго букIана гьелде хIадурлъи ахалъулазулги, бетIералда гьелъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадовагун.

Бергьенлъиялъул байрам баркун кIалъазе рахъана ахалъул хIалтIухъаби. Хадуб букIана гьитIичазул хасаб барки.




ТарбиячагIи-тадбиралъул гIуцIарухъаби Халипат МухIамадовалъул ва Аминат Сажидовалъул группабаз гIахьаллъаразда гIемераб мехалъ кIочонареб церарахьин бихьизабуна гьеб къоялъ. ГьитIичазул бугеб гьира -шавкъги, хIаракатчилъиги, чорхолъго бессараб артистлъиги бихьидал, рохалил асаралъ асир гьарулел рукIана киналго. КучIдул цIализеги, батIи-батIиял кьурдаби гьаризегун спортивиял къецазулъ гIахьаллъизеги, рагъулал «Катюшагун» «Бергьенлъиялъул къоги», «ХъахIилаб шалги» ахIизеги, инсценировкабазда ролал хIазеги гьезул бугеб гьунаралъ пана гьавичIев чи ахалда хутIичIо. Щибаб церерахьиналъе букIана хас гьабун букъараб ретIелги. Бихьулеб букIана чIахIияз хIаракат бахъун букIин гьитIичазда малъизе жакъа СВОялда ругел гIолохъабазулги 1941-1945 соназ бахIарчиго рагъарал нилъер умумузулги рагъулаб тарих, гьезул гьунаралъе мустахIикъаб къимат кьей, гьездаса мисал босун хьвадизе ккей. Сонал аниги, бухьен гьоркьоб къотIизе бегьулареблъи бичIчIизабулеб букIана щибаб церархьиналъ. ГIадада гурелъул нилъеца такрар гьабулеб рикIкIадисеб гIагарлъиялъулцин рагъул ветеранасул бицунаго «Дида ракIалда буго, дун чIухIула абун». ЧIухIизе бачIунеб букIана лъималазул гьунаралдасан байрамалда гIахьаллъаразулги.

Умумуз баркала загьир гьабуна ахалъул коллективалъе жидер лъималгун гьабулеб свак лъалареб, кIвахI тараб хIалтIухъ.

**Луиза МухIамадова**

* * *

**ГЬАДИРИ**

**«Наслабазул ракIалдещвей»** абун хъвараб игIлангун цере-цере гьитIичал, «Дида ракIалда буго, дун чIухIула!» абун хъварал жидерго кIудаумумузул ва КIудияб ВатIанияб рагъул БахIарзал-дагъистаниязул портреталгун чIахIиял классазул цIалдохъаби-рекIелъ рохелгун пашманлъи жубараб асаралъул байрам тIобитIана гьал къояз нижер Гьадири росдал микьго-сонил школалда 9 Маялъул байрамалда хурхун.

Школалъул директор МухIамад Дибировас, тадбир рагьулаго, бицана КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъул, гучаб Совет Союзалъул халкъаз, цо чи гIадин, гьункун, цолъун тIадеги рахъун, гитлерилаб фашизмалдаса эркен гьабураб ватIаналъул ва Европаялъул улкабазул, рагъде арал бихьиназул бакIалда рахъунчIун, «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе» абураб ахIиялда хурзал рекьулаги, цIул гьабулаги, фабрик-заводаздаги хIалтIарал руччабазулгун лъималазул, 900 сордо-къоялъ халатбахъараб Ленинград сверункквеялъул.

-Даимаб рецц нилъер умумузе, ракъи-къечалъухъ, хинлъи -цIороялъухъ балагьичIого, ватIан цIунарал, гIемерисел жал абадиялъего кьалул байдабазда хутIарал,-ян абуна М.Дибировас. -Гьарула киназего ракълилаб зоб, СВОялда ругел нилъер гIолохъаби сахсаламат, рагъги лъугIун, рокъоре русси. БукIа абе ракьалда кидаго рекъел.



Гьединго баркиялъулал кIалъаял гьаруна цогидал мугIалимзабазгун цо-цо цIалдохъабазул умумузги.

Хадуб букIана цIалдохъабазул церерахьин. Гьез рикIкIана ва ахIана рагъул тематикаялъул ва жакъасеб СВОялда хурхарал кучIдул, рихьизаруна сценкаби. Тадбир ана киналго разияб хIалалда.

**Мадина МухIамадова**

* * *

**ТIИНДИ**

**Тарихияб бергьенлъиялъул моцI**

Гьединаб цIаралда ТIинди росдал лъималазул ахалда нижер гьитIичаз тарбиячагIи Хузеймат МухIамадовалъул, Хатимат ГIабдусаламовалъул, Жавагьар ГIабдурахIмановалъул ва музыкант Сапият Ибрагьимовалъул нухмалъиялда гьоркь май моцIалъул щибаб анкьалъин абуниги бегьуледухъ тIобитIана КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубаялда хурхун чаналиго тадбир. Гьединаздаса ккола араб анкьалъ тIобитIараб



«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо» абураб рагьараб дарс-инсценировка. Гьениб лъималаз, чанги чIахIиясул бадиб магIу хулуледухъ, авар ва гIурус мацIазда цIалана КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ кучIдул ва бихьизабуна инсценировка.

Гьединго ахалда тIобитIана гитлерилаб Германиялда тIад бергьенлъи босиялъул гьитIичазул «Бергьенлъиялъул парадги». Ахалъулазул чIахIиял къокъабаз лъикIаб церерахьин бихьизабуна гьалбадерие: рекIехъе цIалана ва ахIана кучIдул, рихьизаруна инсценировкаби ва гьаруна рагъулаб тематикаялда хурхарал кьурдаби.

Лъималазул церерахьиназулъ бихьулеб букIана ахалъул киналго хIалтIухъабазулгун гьитIичазул умумузул цадахърекъараб хIалтIул хIасил: щибаб церарахьиналъе рукъарал костюмалгун хасал формабиги, ахираб заманалда тIубанго кIочозехьин бугеб авар мацIалда кучIдул цIали гуребги, жидее кьурабщинаб лъазабиги, сундуего хIаракат бахъиги. Гьединаб хIалтIуцаги, гьединал тадбиразги рес кьола гьитIичазда гьитIинго бичIчIизе ва ракIазулъ бессизе нилъер ракIалдещвеял ругебгIан мехалъ щивго ва щибго кIочонареблъи, хасго бахIарчиял умумузул тарихгун къисмат.

«Парадалъе» ахир лъуна имам Шамилие ва КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе росулъ рарал памятниказухъеги ун, тадбиралъул гIахьалчагIаз ракIалдещвеялъе суратал рахъиялъ.

Бергьенлъиялъулаб маялда хурхарал тадбирал моцIрол ахиралде щвезегIан халатрахъизе руго ахикь. Унгоги, **«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо».**

**Сапият Ибрагьимова**

ОМВД

# Миграционный пункт информирует

В марте был подписан Федеральный закон от 08.03.2026 г. №55-ФЗ О внесении изменений в статьи 2 и 3 Закона Российской Федерации «О праве граждан Российской Федерации на свободу передвижения, выбора места пребывания и жительства в пределах Российской Федерации», который упрощает процедуру поиска гражданина Российской Федерации и установления с ним контакта через органы внутренних дел. Также утвержден круг лиц, имеющих право получать сведения о месте жительства или пребывания граждан из базы данных МВД России.

Предоставление такой информации направлено на помощь в восстановлении утраченных связей и контактов с гражданином с его согласия. Теперь при наличии в базе данных актуального адреса запрашиваемого лица территориальный орган МВД России направит ему уведомление, содержащее контактные сведения заявителя и цель его обращения. Решение о возобновлении контактов запрашиваемое лицо будет принимать и осуществлять самостоятельно. В свою очередь, заявитель будет проинформирован о направлении уведомления запрашиваемому лицу.

**Как можно подать заявление?**

Заявление можно через личный кабинет на портале Госуслуг; лично в подразделении по вопросам миграции территориального органа МВД России на районном уровне.

**В чем преимущества нового механизма?**

Обновленный подход значительно сократит сроки рассмотрения заявления (с 30 до 10 дней) и обеспечит максимальную прозрачность целей и процесса обработки информации о гражданах.

**По каким причинам может быть отказано в направлении уведомления гражданину Российской Федерации?**

- В базе данных МВД России отсутствует актуальный адрес регистрации запрашиваемого лица;

- указанных в заявлении установочных данных недостаточно для идентификации лица, с которым пытаются восстановить связь.

**Кто и в каких случаях может получить сведения?**

- Граждане Российской Федерации в случае обращения за информацией в отношении себя;

- родители, усыновители, опекуны, попечители несовершеннолетних и недееспособных лиц в случае обращения за информацией в отношении таких граждан России;

- наследники умерших граждан Российской Федерации по закону и по завещанию в случае обращения за информацией в отношении таких граждан;

- собственники жилых помещений о лицах, зарегистрированных по месту жительства и месту пребывания по адресу собственности.

**Важно:** сведения о регистрационном учете гражданина Российской Федерации в случаях, требующих в соответствии с законодательством его согласия, третьим лицам не предоставляются.

Закон вступит в силу 5 сентября 2026 года.

**З. Магомеднабиев,** начальник миграционного пункта ОМВД России по Цумадинскому району

# Оперативно - профилактическая операция «Мак - 2026»

В целях выявления, предупреждения и раскрытия преступлений, связанных с незаконным оборотом наркотических средств растительного происхождения на территории района в три этапа проводится межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция «Мак-2026». Первый этап - с 18 по 27 мая 2026 года, второй этап- с 11 по 20 августа 2026 года и третий этап с 14 по 23 сентября 2026 года.

В ходе проведения операции на территории района будут проводиться мероприятия, направленные на:

-выявление и ликвидацию незаконных посевов запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества.

-выявление и привлечение к ответственности лиц, осуществляющих незаконно культивирование запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества.

-выявление очагов произрастания дикорастущих растений, содержащих наркотические вещества и их уничтожение.

Культивирование конопли издавна являлось одной из разновидностей растениеводства на территории нашей республики. Конопля использовалась при изготовлении национальных продуктов,но опасность состоит не в том, что коноплю выращивают для использования в быту, а в том, что посевы конопли становятся легкодоступным источником приобретения наркотических средств для наркозависимых, в том числе молодежной среде, так как проблема распространения наркомании актуальна и нашем регионе.

Законодательством Российской Федерации, именно установлена ответственность за совершение преступлений и правонарушений в данном направлении, в том числе культивирование наркотикосодержащих растений в любых целях.

Статья 228 УК РФ: «Незаконное приобретение, хранение, перевозка, изготовление, переработка наркотических средств, психотропных веществ или их аналогов, а также незаконные приобретение, хранение, перевозка растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества, либо их частей, содержащих наркотические средства или психотропные вещества». За совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная от штрафа в размере до сорока тысяч рублей и до лишения свободы сроком до 15 лет со штрафом в размере до пятисот тысяч рублей, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Статья 228.1 УК РФ: «Незаконные производство, сбыт или пересылка наркотических средств, психотропных веществ или их аналогов, а также незаконные сбыт или пересылка растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества, либо их частей, содержащих наркотические средства или психотропные вещества». За совершение данного преступления предусмотрено наказание от 4 до 20 лет лишения свободы, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Статья 230 УК РФ: «Склонение к потреблению наркотических средств или психотропных веществ» - за совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная от ограничения свободы до 3 лет и до лишения свободы сроком до 15 лет, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Статься 231 УК РФ «Незаконное культивирование растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсоры» - за совершение данного преступления предусмотрено наказание начиная со штрафа в размере до 300000 рублей и до восьми лет лишения свободы, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Статья 232 УК РФ: «Организация либо содержание притонов для потребления наркотических средств или психотропных веществ» - за совершение данного преступления предусмотрено наказание в виде лишения свободы сроком до 7 лет, в зависимости от степени тяжести совершенного преступления.

Также кодексом об административных правонарушениях РФ предусмотрена статья:

ст. 10.5 КоАП РФ «Непринятие мер по уничтожению дикорастущих растений включенных в перечень наркотических средств, психотропных веществ и их прекурсоров, подлежащих контролю в Российской Федерации, и дикорастущей конопли»:

-влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи пятисот до двух тысяч рублей; на должностных лиц - от трех четырех тысяч рублей; на юридических лиц - от тридцати тысяч до сорок тысяч рублей.

В связи с этим главам сельских поселений необходимо принять меры по выявлению и уничтожению дикорастущих посевов конопли, а также проводить разъяснительную работу с населением о запрете выращивания наркотикосодержащих растений.

Руководство отдела МВД России по Цумадинскому району просит население района, незамедлительно сообщать и информировать органы полиции обо всех случаях ставших им известными об употреблении, хранении, перевозке, выращивании наркотических средств и их прекурсоров гражданами, в том числе растительного происхождения, а также о случаях обнаружения на территории района очагов произрастания дикорастущих наркосодержащих растений (конопли, мака), для принятия соответствующих мер реагирования.

Телефоны доверия: 8-963-410-52-51.8-967-937-30-62.

За информацию, способствовавшую выявлению и раскрытию преступлений в сфере незаконного оборота наркотических средств, гарантировано материальное вознаграждение.

**ОМВД России по Цумадинскому району**

Динияб бокIон

# Къурбаналъул гIид

**Исламалда гIидалъул кьо ккола цIакъ хирияб кьо. Гьеб хирияб буго рамазан моцIалъул гIидалдасаги. Гьеб кьоги ккола зулхIижалъул 10-абилеб кьо. ГIидалъул кьоялдаса хадур рукIунел лъабго кьоялда абула ташрикъалъул кьоялинги.**

**Гьеб кьоялъул хиралъи**

«ИтхIафалда» хъван буго: «Гьаб умматалъе гьеб гIидалъул кIвар буго ГIарафа кьоялъ ва гьелдаса цебесеб кьоялъ гIемерал лагъзал жужахIалдаса тархъулел рукIиналъ. Рамазан моцIалдаса хадуб бугеб гIидалъ тархъулелго гIадин. Щайин абуни, гьелдаса гIемер жужахIалдаса гIадамал тархъулеб кьо букIунгутIиялъ».

Кинха рохиларел бусурбаби, гьеб кIиябго гIидалдаса жужахIалдаса гIемер чи хвасарлъулеб мехалъ?

Гьеб гIидалъул кьоялъ, бакъ баккидал, бусурбабаз, борхун гьаракьгун, такбир бачуна. Такбир бихьиназ борхун бачуна кьватIиб, мажгиталда ва рокъоб. Руччабаз бачуна бигьагьабун. Такбир бачуна щибаб какда хадуб, какил азкаразда цебе, хIатта жаназалъул какалда хадуб, ахирисеб ташрикъалъул кьоялъ бакъанил как бан лъугIизегIан.

ГIидалъул сордо суннатаб буго гIибадаталда тIобитIизе. Гьеб сордоялъ Аллагьас жиндирго лагъзадерил дугIаялъе жаваб гьабула. «ГIидалъул сордо гIибадаталда тIобитIарав чиясул ракI Аллагьас чIаго гьабула, ракIал холеб кьоялъ», - абун (Ат-ТIабарани).

ТIубараб сордо гьедин тIобитIизе бажарулеб батичIони, 1/3 бутIа тIобитIун тела. Гьебги бажарулеб гьечIони, рогьалил как жамагIаталда бала.

**Гьеб кьоялъ гьабизе лъикIаб**

«ХIашияту Ширкъавиялда» хъван буго: «ГIидалъул сордо тIобитIиялъул бищун дагьаб буго рогьалил ва боголил как жамагIаталда бай. Сордо бащалъун хадуб ва какда цебе суннатаб буго черх чуризе. Гьелъие ният гьабила суннатаб черх чуризе», - абун.

Гьединго лъикIаб буго малъал къунцIизеги. ПалхIасил, рацIцIалъи гьабила. Какде иналде цебе ретIила бацIцIадаб ретIел, гьабила берцинаб махI. РетIел хъахIаб ретIинеги хирияб буго. Амма гьелдаса лъикIаб, багьаяб ретIел батани, гьеб хирияб буго.

ГIумар бин ГIабдулгIазизида гIидалъул кьоялъ вихьун вуго басрияб ретIел ретIарав цо вас. Гьеб бихьарав ГIумар гIодун вуго. Васас абун буго щайин мун гIодулевилан. ГIумарица жаваб кьун буго, дун хIинкъун вугин дур ракI хвезабилин гIидалъул кьоялъ лъималаз, мун гьеб ратIлилъ вихьидал. Васас абула: «Я, муъминзабазул бетIер, инсанасул ракI хвезабула Аллагьас кьураб жоялда рази гьечIесул яги эбел-инсуе гIакъуба кьолесул. Дир хьул буго дур разилъиялдалъун Аллагь дидаса рази вукIиналда», - ян. ГIумар гIодула ва гьесда къвалги бала, гьесул беразда убачги гьабула, гьесие дугIаги гьабула. Гьелдаса хадуб гьев вас лъугьуна гIадамазда гьоркьов дунял таравлъун.

**ГIидалъул как**

Суннатаб буго хехго гIидалъул какде ине. Гьениве ине лъикIаб буго халатаб нухккун, нахъвуссунаго кьокьаб нухдасан вачIина. ГIидалъул какил буго кIиго ракагIат. Гьелъие ният гьабулаго тIадаб буго «къурбан кьоялъул какин» абизе.

ГIидалъул как буго лъагIалида жаниб цо нухалда бачIунеб жо. Гьелде кIвар кьезе ккола. Амма гьоркьоб биччани, бецIизе хIаракат бахъила.

**Сапаралда вугев чиясеги базе лъикIаб буго.**

ГIидалъул как байбихьула «Аллагьу акбар» абун, гьелдаго цадахъ ракIалъ ниятги гьабун. Ният гьабула гьадин: «Дица ният гьабуна суннатаб кIиго ракагIат базе къурбан кьоялъул». Хадуб цIалула Важагьту. ТIоцебесеб ракагIаталда цIалула 7 нухалъ такбир, щибаб нухалъ квералги рорхун, Важагьтуялда хадуб ва агIузу бахъилалде цебе. Гьел такбиразда гьоркьоб абула: «СубхIана-Ллагьи вал-хIамдули-Ллагьи вала илагьа илла Ллагьу, ва-Ллагьу акбар», - абун. Гьел такбиразда хадуб цIалула сура ал-ФатихIа. КIиабилеб ракагIаталда такбир цIалула 5 нухалъ. ТIоцебесеб ракагIаталда релълъун такбир бачун гьоркьоб тасбихI цIалула. Гьеб лъугIун хадуб имамас хутIба гьабула. ТIоцебесеб хутIбаялда имамас 9 такбир бачуна ва кIиабилеб хутIбаялда 7 бачуна. Цинги гьеб хутIбаялда жаниб гIадамазда къурбан кьоялъул ахIкамал малъула.

**Къурбан хьвей**

Къурбан кьоялъ хьола хьолеб жоги. Гьелъул гьанги бикьула хIажатал чагIазе. Гьеб кьоялъ гьоболлъухъе уна гIагарал чагIазухъе, мадугьалзабахъе, гьудулзабахъе. Цоцада баркула ва росхел загьир гьабула. Къурбан хьвей ккола аварагас (гI.с.в.) тIадчIей гьабулеб букIараб суннат.

**Къурбан жинцаго хьвезеги суннатаб буго.**

ГIидалъул кьоялъ къурбан хьвей буго цIакъ кIудияб кири бугеб жо. ГIалиасхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: «Къурбан кьоялъ хьвезе жо балагьизе вахъарасе гали рикIкIун хьвала 10 кири ва чурула 10 мунагь. Бичун босулеб мехалда гьабураб каламги тасбихI гьабураб гIадин хьвала. Кьураб гIарац хьвала 700 лъикIаб гIамаллъун. Хьвезе байбихьидал гьеб бакIалдаса анкьалго зобалазде щвезегIан кинабго махлукъаталъ гьесул мунагьал чури тIалаб гьабулеб букIуна. ТIураб би рикIкIун малаик вижизе вуго ва гьез гьарула кьиямасеб кьо чIезегIан гьесул мунагьал чуре», - абун.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

Спорт

# ЦIумадисел-турниралъул чемпионал





16-17 маялда Каспийск шагьаралда тIобитIана дунялалъул щуцIул чемпион ГIали ГIалиев ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахьалъ халкъаздагьоркьосеб турнир.

Турниралда гIахьаллъана улкаялъул батIи-батIиял регионаздаса ва къватIисел улкабаздаса гугарухъаби.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз бихьизабуна тIадегIанаб махщел ва унго-унгояб спортивияб хасият. КIигояв вахъана турниралъул чемпионлъун.

Гъоркьхъваршиниса АхIмад Идрисов 61 кг. цIайиялда мустахIикълъана меседил медалалъе. Гьединго чемпионлъун вахъана 65 кг. цIайиялда нилъер машгъурав гугарухъан ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадов.

ЛъикIаб гугари бихьизабуна 61 кг. цIайиялда гIарцулаб медалалъе мустахIикълъарав Эчедиса Халид МухIамадовас ва 79 кг. цIайиялда мазгарул призерлъун вахъарав Кванхиса Жамал АхIмадудиновас.

Гьединаб къадруяб турниралда щварал бергьенлъаби ккола нилъер районалъул ва тIолабго республикаялъул спортивияб машгъурлъиялъе кIудияб бутIалъун.

РакI-ракIалъ баркула гьезда щварал бергьенлъаби, гьарула щулияб сахлъи, икъбал, къуват, хадубккунги бергьенлъаби.

**МухIамад МухIамадов**

# Щуабилеб нухалъги босана Кубок




15 маялда Владимир обласалда тIобитIана рачлида рагьиялъул рахьалъ Россиялъул Кубокалъе ирградулаб турнир. Гьенир гIахьаллъана улкаялъул 25 регионалдаса 200-ялдаса цIикIкIун гугарухъан. Гьезда гьоркьов вукIана халкъазда гьоркьосеб классалъул спорталъул мастер, нилъер ракьцояв КIванадаса Гъази Халилов.

Иргадулаб нухалъги 100 кг. цIайиялда Россиялъул Кубокалъул хважаинлъунги вахъарав гьес цоги нухалъ тасдикъ гьабуна гугаризее бугеб махщел ва тIадегIанаб даража. Гьеб ккола Гъазил Россиялъул Кубокалда щвараб щуабилеб меседил медаль.

Гьеб бергьенлъиялъ гьесие нух рагьулеб буго октябрь моцIалда Чебоксаралда тIобитIизесеб дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе.

Гъази Халилов ккола Дагъисталда бищун лъикIавин абун цIар чIварав рачлида вагъулев гугарухъан.

Баркула Гъазида иргадулаб бергьенлъи, гьарула щулияб сахлъи, спортивияб икъбал, хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби.

. . . . . . . . . . . . . .

# Халил ПирмухIамадов - ММАялъул букIинесеб цIва



26 апрелалда Якутскиялда «Триумф» спортивияб централда тIобитIана ММАялъул рахьалъ ЕФКялъул турнир. Гьеб сордоялъ рингалда рукIарал къецазул бищунго къуватал речIчIухъабазул цояблъун букIана нилъер ракьцояв, КIванадаса ПирмухIамадов Халилил къеркьей.

Халил ПирмухIамадов рингалде вахъана бергьине божильигун ва ракIчIун. ДандчIваялъул байбихьудаго гьес бихьизабуна лъикIаб хIадурлъи ва бергьенлъиялъе жигар бахъи. Гьесул дандияс, хIалбихьиги бугев речIчIухъанас, хIаракат бахъулеб букIана жиндирго хехлъиялъул даража цIикIкIинабизе, амма Халилица, махщел бугел контргъужумалги гьарун, дандиясе хIалхьи кьечIо.

Гьеб турниралда бергьенлъи боси ккола Халил ПирмухIамадовасе жиндирго персоналияб бергьенлъи гуребги, гьесул профессионалияб карьераялъуль кIвар бугеб галилъунги.

Россиялдаса, ва хасго Дагъистаналдаса болельщиказе гьеб бергьенлъи букIана чIухIилъун ва жубараб рагьулаб искусствоялъул миллияб школа тIадегIанаб даражалда букIин тасдикъ гьабулеблъун. Экспертаз Халил рикIкIунев вуго жиндирго дивизионалда цеве тIезе бищунго рес бугел речIчIухъабазул цоявлъун.

Баркула Халилида бергьенлъи, гьарула гьесие хадубккунги икъбал ва талихI.

**Берцинай КъурамухIамадова**

# Конкурсалда бергьана

«Рагъул хIакъалъуль кинабго гуро бицун бугеб...» абураб КIудияб ВатIанияб рагъда советияб халкъалъ босараб бергьенлъиялъе сайгъат гьабураб видеотарихалъул МахIачхъалаялда тIобитIараб республикаялъулаб конкурсалда лъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер ясаз. Гьедин, «Дица




сайгъат гьабула КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясе» номинациялда Сасикь росдал гьоркьохъеб школалъул анлъабилеб классалъул цIалдохъан Аминат Хъиличевалъе щвана 1-себ бакI ва «Дица сайгъат гьабула СВОялъул гIахьалчиясе» номинациялда Агъвали гимназиялъул анцIила цоабилеб классалъул цIалдохъан Фатима Бадрудинова ккана 2-леб бакIалде.

Ясаз жидерго хIалтIаби сайгъат гьарун рукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи МухIамадов Халилие ва Украиналда унеб рагъулаб хасаб операциялда жиндирго нальи тIубалаго абадиялъего кьанцарав ГIабдурахIмановн Ражабие.

**Хадижат Залимханова**

## Баркала кьолеб буго

16 маялда талихI кьосараб лъугьа-бахьиналъул хIасилалда райбольницаялде ккарав Агъвали гимназиялъул цIалдохъан Бадрудинов МухIамадие гьабураб хехаб кумекалъухъ райбольницаялъул врачазе, медсестрабазе ва санитаркабазе кIудияб баркала загьир гьабулеб буго МухIамадил эбел-инсуца ва гIагарлъиялъ.

Аллагьас сахлъи кьеги гьезие, рохел даимлъаги, бальгоял балагьаздаса цIунаги.

## Цумадинская футбольная лига-2026
### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Маштихи | 3 | 3 | 0 | 0 | 21-9 | 12 | 9 |
| 2 | "АМАНАТ" Эчеда | 3 | 3 | 0 | 0 | 14-7 | 7 | 9 |
| 3 | Гигатли-Урух | 3 | 2 | 1 | 0 | 14-6 | 8 | 7 |
| 4 | Эчеда | 3 | 2 | 0 | 1 | 7-6 | 1 | 6 |
| 5 | Кочали | 3 | 2 | 0 | 1 | 13-13 | 0 | 6 |
| 6 | Эгдада | 3 | 1 | 2 | 0 | 8-7 | 1 | 5 |
| 7 | Гадири | 3 | 1 | 1 | 1 | 11-6 | 5 | 4 |
| 8 | Догкомп Цумада | 3 | 1 | 1 | 1 | 5-5 | 0 | 4 |
| 9 | Нижнее Гаквари | 3 | 1 | 0 | 2 | 13-18 | -5 | 3 |
| 10 | Гачитли | 3 | 1 | 0 | 2 | 6-18 | -12 | 3 |
| 11 | Хуштада | 3 | 1 | 0 | 2 | 12-14 | -2 | 3 |
| 12 | Верхнее Гаквари | 3 | 0 | 1 | 2 | 6-8 | -2 | 1 |
| 13 | Тинди-Аща | 3 | 0 | 0 | 3 | 10-16 | -6 | 0 |
| 14 | Кеди | 3 | 0 | 0 | 3 | 6-14 | -8 | 0 |

## Результаты

16 мая 2026, суббота. 3 Тур

| | | |
|---|---|---|
| Кеди | 1 : 2 | Гачитли |
| Кочали | 6 : 4 | Тинди-Аща |
| Эчеда | 1 : 3 | Догкомп Цумада |
| "АМАНАТ" Эчеда | 6 : 3 | Хуштада |
| Верхнее Гаквари | 3 : 3 | Гадири |
| Эгдада | 2 : 2 | Гигатли-Урух |
| Нижнее Гаквари | 4 : 6 | Маштихи |

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула
СагIадулаевич
(87273) 2-52-44

Жавабияв секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна

Техникияв редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгъара росу,
Заводалъул къватI, 4

«Цумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1003
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.